

4 juin 2013

Chè Paran,

Ede Pitit Ou Reyalize Rezilta Aprantisaj nan Matematik grasa ALEKS®

Nou enskri pitit ou nan ALEKS, yon pwogram matematik sou Entènèt pou elèv 3yèm jiska 12yèm klas. ALEKS itilize entèlijans atifisyèl ak kesyon ki adapte pou evalye konesans yon elèv nan matematik epi li bay enstriksyon ki adapte pou chak elèv dapre sa elèv la **pare** pi plis **pou aprann**. Pitit ou kapab itilize ALEKS lakay li, nan lekòl la, oswa nenpòt lòt kote ki genyen yon òdinatè ak koneksyon sou Entènèt.

Ou kapab patisipe nan pwogrè aprantisaj pitit ou depi ou ankouraje li pou itilize ALEKS lakay li. Pitit ou senpleman bezwen konekte nan pwogram nan sou sitwèb www.aleks.com avèk non itilizatè ak modpas nou bay li, epitou li bezwen travay sou ALEKS Pie ki adapte pou bezwen aprantisaj li apa.

Pou kontwòle pwogrè pitit ou nan ALEKS, tanpri mande pitit ou pou li konekte nan pwogram nan, epitou pou li klike sou lyen Rapò ki nan kwen dwat anlè. W ap wè yon rapò dinamik otomatik k ap bay detay sou konesans pitit ou genyen nan moman an ak sou istwa pwogrè li nan ALEKS. Ou kapab klike sou onglè Review (Revize) pou wè sijè kote pitit ou bezwen revizyon siplemantè.

ALEKS se yon Pwogram Matematik sou Entènèt ki Baze sou Rechèch:

- Entèlijans Atifisyèl Sible Diferans yo nan Konesans chak Elèv Apa
- Anviwònman pou Repons Lib Evite Kesyon ki gen Plizyè Repons Ochwa
- Rapòtaj Otomatik Kontwòle Pwogrè Elèv la nan Prensip Leta ak Prensip Debaz Komen
- Bileng Okonplè - Anglè ak Panyòl
- Aksè sou Entènèt san Limit – Konpatib avèk PC ak Mac
- QuickTables – Pwogram Metriz Tab Aritmetik pou Miltiplikasyon, Divizyon, Adisyon ak Soustraksyon.

Anplis pou fè matematik vin yon eksperyans ki pi enteresan ak pi dinamik, ALEKS pèmèt elèv yo travay nan ritm pa yo lè li bay yo yon chemen eksperyans ki adapte anpil pou chak elèv apa epitou ki espesyal pou bezwen akademik yo chak. Enstriksyon sa a ki adapte pou chak elèv devlope yon kokennchenn elan aprantisaj, pou ede elèv yo vin gen siksè ak konfyans nan kapasite yo nan matematik.

Mwen swete ou pral ankouraje pitit ou itilize ALEKS lakay ou pou li kapab vin gen rezilta aprantisaj enteresan nan matematik. **Pou jwenn plis enfòmasyon sou ALEKS, tanpri ale nan sitwèb www.aleks.com.**

Nou swete ou tout sa ki bon,

ALEKS is a registered trademark of ALEKS Corporation.